


Eksplikasyon sou Remèd Fèy, Vitamin, ak Mineral



Kisa remèd fèy ye?

Pwodui abaz fèy gen engredyan aktif ladan yo ki sot nan plant. Yon egzanp remèd fèy se ginseng.

Kisa vitamin ak mineral ye?

Vitamin ak mineral nan pifò aliman yo. Moun ka pran vitamin ak mineral kòm sipleman a rejim alimantè yo. Egzanp se Vitamin C ak Kalsyòm.

Èske remèd fèy, vitamin oswa mineral ka gen efè sou medikaman wap pran?

Wi, yo ka gen efè sou jan medikaman an fonksyone nan kò w.

- Yo ka swa ogmante swa diminye efè medikaman an.
- Sa ka bay efè segondè oswa medikaman an ka pa travay kòmsadwa.

Èske se pou w fè doktè a oswa famasyen an konnen si w ap pran vitamin, remèd fèy oswa mineral?

Wi, li enpòtan pou w fè doktè a oswa famasyen an konnen si w ap pran pwodui sa yo.

- Ki pwodui w ap pran
- Ki kantite w ap pran
- Kilè ou pran l

Èske enfòmasyon sa a ta dwe make sou lis medikaman an?

Wi. Kenbe yon lis de tout medikaman w ap pran yo:

- Medikaman sou preskripsiyon
- Medikaman san preskripsiyon
- Remèd fèy ak vitamin

Èske Administrasyon Aliman ak Medikaman (Food and Drug Administration: FDA) règlemanteremèd fèy, vitamin ak mineral?

Non. Se konpayi ki fabrike pwodui a ki responsab pou sekirite l. Gen règleman ki etabli pou sa ki make sou etikèt pwodui a men yo pa "apwouve" l menm jan ak medikaman FDA règlemantere yo.

Èske mwen ka rele Sant Kontwòl Anpwazònman an si mwen gen kesyon sou remèd fèy, vitamin ak pwodui mineral?

Wi. Ou ka toujou rele si w gen nenpòt kesyon.

**Rele Sant Konwtòl Anpwazònman Vil Nouyòk
(New York City Poison Control Center) la nan 1-800-222-1222
nenpòt ki lè pou poze kesyon sou medikaman w yo.**

Sant Kontwòl Anpwazònman Vil Nouyòk



**Sant Kontwòl Anpwazònman nan Vil Nouyòk lan
la pou l ede w avèk sekirite medikaman yo.**

**Rele nou nenpòt ki lè nan 1-800-222-1222
oswa nan 212-POISONS (212-764-7667)
Ale sou sit entènèt nou an nan nyc.gov/health**

- Sant Kontwòl Anpwazònman w lan disponib 24è sou 24, 7 jou pa semenn.
- Famasyen ak enfimyè ki sètifye nan enfòmasyon sou pwazon la pou ba w konsèy.
- Tout apèl yo gratis e konfidansyèl.
- Nou ofri sèvis tradiksyon.
- Mande pou yo ba w bwochi gratis, otokolan pou mete sou telefòn ak leman.



Lè l sèvi avèk Smartphone ou telechaje yon QR Reader aplikasyon gratis yo resevwa plis enfòmasyon.



NYC
HEALTH+
HOSPITALS

Bellevue

NYC
Health
www.nyc.gov/health